

La Bib pou ti moun
prézanté

Ti Lame
Jedeyon an



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Janie Forest
Alastair Paterson

Adapté pa : Ruth Klassen


Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.






Aprè lanmò Jozye,
tout pèp Izrayèl la
te dezobeyi Bondye
epi yo te retire li
nan lavi yo. Bondye
te kite Madyanit yo
ki te vwazen yo
boule rekòt ak kay
Izrayèlit yo.

Izrayelit yo te
oblije ale viv nan
gwòt.




Yon Izrayelit te gen yon kote
sekrè pou li te plante ble li a.
Aprè sa, li te bat li nan yon
kote kache, anba yon gwo
pyebwa. Madyanit yo pa te
konnen kote a, men
Bondye te


konnen li ! Bondye te
voye yon zanj ak yon
mesaj pou
Jedeyon.



Bondye te vle pou Jedeyon te detwi imaj fo dye
papa li yo epi bati yon lotèl pou vrè Dye a. Malgre
Jedeyon te pè pou konpatriyòt li yo pa touye l, li te
fè sa Bondye te ba li lòd fè a.



Bondye te mande Jedeyon tou pou li te dirije lame Izrayèl la kont mechan Madyanit yo. Men, Jedeyon te pè. Li te mande Bondye pou l montre l Li te avè l ak yon siy espesyal. Li te mete yon po mouton atè.







Jedeyon di
Bondye : "Si
gen lawouze
sou po mouton
an, epi tè a rete sèk
toutotou li, lè sa a m ap konnen
w ap sove Izrayèl gras ak men mwen, jan
ou te pwomèt la." Nan maten, tè a te sèk,
men **PO MOUTON AN TE PLEN DLO !**




Jedeyon te doute toujou. Kounye a
li te vle pou Bondye te voye lawouze
sou tè a, men pa sou po mouton an.
Nan denmen maten, tè a te mouye,
men PO MOUTON AN TE SÈCH !



Jedeyon te pati avèk yon lame 32,000 gason (lòm).
Bondye te redwi kantite sa a ak sèlman 300. Li pa
te vle Istayèl di : "Se pwòp lame mwen ki te sove
m." Se Bondye sèlman ki te Sovè Istayèl.




Lè li te wè Jedeyon te toujou pè, Bondye te fè l
tande konvèsasyon de sòlda Madyanit, ki t ap
rakonte yon rèv. Nan rèv sa a, yon moso pen te
frape yon tant Madyanit epi li te detwi l.




Lòt gad la te pè anpil. "Se... epe Jedeyon an..." li te di byen fò. Lè Jedeyon te tande rèv la ak siyifikasyon li, li te konnen Bondye t apral vini pou l ba li vikwa.




Jedeyon te òganize
yon atak lannwit. Li te
bay chak sòlda yon
twonpèt ak krich vid ki
te kapab kenbe flanbo.
Yo te antoure lame
Madyanit la.



Lè Jedeyon te bay siyal la, sòlda yo te soufle
twonpèt yo, yo te kraze krich yo, epi yo te limen
flanbo yo. Ala yon bri ! Ala yon konfizyon !
Madyanit yo ki te pè, te kouri y ale byen lwen.



Aprè gwo vikwa sa a, mesye Izrayèl yo te mande Jedeyon pou gouvène yo. "Mwen p ap gouvène nou", Jedeyon te reponn. Li te konnen se Bondye sèlman ki gen dwa dirije lavi pèp la.




Ti Lame Jedeyon an
Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,
Nap jwen-n nan


Jij 6-8

"Pawòl Bondyé poté limyè."
Sòm 119 : 130





15



60



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou
péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl
gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé
dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisitè, é Li monté nan
syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout
kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan
lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri
pou mwen épi ou résisitè ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné
péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè
gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'ètènitè.
Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

